



Resous pou Moun ki gen Asirans konsènan Travay Timoun ak Adolesan

An repons ak dènye ogmantasyon nan travay timoun, Fon Asirans Eta New York la (NYSIF) mande moun ki gen asirans yo pou yo rantre nan efò pou pwoteje jèn New York yo.

Dapre Depatman Travay Etazini, vyolasyon travay timoun yo ap monte. An 2023, te gen yon ogmantasyon 14% parapò ak ane anvan an nan vyolasyon travay timoun - ki te monte nan 5 800 minè ki te anplwaye nan tout peyi a nan vyolasyon lwa sou travay timoun. Moun ki gen asirans NYSIF yo ka pwoteje biznis yo lè konnen enfòmasyon sa yo:

Lwa ki Reji Travay Minè yo

- ▶ Gen restriksyon sou kantite lè travay ak okipasyon espesifik ki entèdi pou minè ki poko gen 18 lane. Pou w jwenn yon lis konplè travay ki entèdi pou minè, tanpri konsilte sit entènèt Depatman Travay Eta New York la nan <https://dol.ny.gov/state-prohibited-occupations-minors>
- ▶ Biznis yo responsab non sèlman pwòp aksyon pa yo, men tou pou aksyon soutretan yo. Sa vle di moun ki gen asirans NYSIF yo ka soutrete, san yo pa vle, ak yon konpayi ki angaje nan pratik travay timoun, sa ki ekspoze yo ak sanksyon sivil.

Penalite Monetè

- ▶ Nan Eta New York, anplwayè ki vyole Lwa Travay Eta a ka resevwa yon amann sivil, epi amann sa ka triple si yon minè blese grav oswa mouri pandan l ap travay ilegalman.
- ▶ Nan ka yo ta jwenn genyen travay ilegal yon minè, nenpòt prim konpansasyon travayè Eta New York double, epi anplwayè a ap peye pòsyon ki doub la.
- ▶ Anplwayè ki vyole dispozisyon pou travay timoun yo nan Lwa Federal sou Nòm Travay Ekitab yo ka resevwa yon amann sivil, ki ka double si vyolasyon an repeète oswa volontè.

Pwoteje Tèt Ou ak Anplwaye Ou Yo

Afiche afich pou Lwa Travay [P888 “Orè Travay pou Minè”](#) ak [P887 “Lwa Eta New York sou Travay Timoun”](#) pou pwoteje tèt ou ak anplwaye ou yo.

Pwoteje Tèt Ou ak Anplwaye Ou Yo

Rapòte nenpòt vyolasyon ou sisplèk bay Gwooup Travay Eta New York pou Travay Timoun lè w vizite sit entènèt Depatman Travay la nan <https://dol.ny.gov/child-labor-law-hub>.